ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЬЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№195 (21.853) ● 2010 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и субъектУ Ипщэ федральнэ округым хиубыдэхэм Экономикэ зэдзлэжьэныгъэмкІэ я «Кавказ Ипщхъэрэ» ассоциацэм къыхэжьыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Кавказ Ипщхъэрэ федральнэ округ къызэрызэрагъэпэщам къыхэкІыу **унафэ сощІ:**

1. Урысей Федерацэм и субъектУ Ипщэ федральнэ округым хиубыдэхэм Экономикэ зэдзлэжьэныгъэмкІэ я «Кавказ Ипщхъэрэ» ассоциацэм къыхэкІыжьын.

2. Урысей Федерацэм и субъектУ Ипщэ федральнэ округым хиубыдэхэм Экономикэ зэдзлэжьэныгъэмкІэ я «Кавказ Ипщхъэрэ» ассоциацэм и советым ассоциацэм къыхэкІыжьыным теухуа тхыгъэ хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м
№105-УП

Урысей Федерацэм и субъектУ Кавказ Ипщхъэрэ федральнэ округым хиубыдэхэм Экономикэ зэдзлэжьэныгъэмкІэ я «Кавказ Ипщхъэрэ» ассоциацэм хыхьэным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Кавказ Ипщхъэрэ федральнэ округ къызэрызэрагъэпэщам къыхэкІыу **унафэ сощІ:**

1. Урысей Федерацэм и субъектУ Кавказ Ипщхъэрэ федральнэ округым хиубыдэхэм Экономикэ зэдзлэжьэныгъэмкІэ я «Кавказ Ипщхъэрэ» ассоциацэм хыхьэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкі и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын Урысей Федерацэм и субъектУ Кавказ Ипщхъэрэ федральнэ округым хиубыдэхэм Экономикэ зэдзлэжьэныгъэмкІэ я «Кавказ Ипщхъэрэ» ассоциацэм и устав мылькум республикэм хилъхьэну Іыхьэр иубзыхуну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2010 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м
№106-УП

Медведев Дмитрий къыхигъэщхьэхукІащ Налшык зэрызэщІэкъуар

●Хъыбар гуапэ

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэр, кьапщтэмэ, абы и кьалащхьэ Налшык, зэІуэпэщу, зэщІэкъуауэ зэрыщытыр къыхигъэщхьэхукІащ икІи ар адрей щІынальэхэм щапхъэу яхуигъэпэгъуащ. Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр къэралым и Іэтащхьэм къыщытхужиІащ УФ-м и Президентым и деж �щІпІэ самоуправленэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым и зэІуіщІэм. ЩІынальэхэр зэІуэпэщ щыным, щыІухукэм хуащІэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным трауха я зэІуіщІэм ди республикэм къыбгъэдэкІыу хэтащ Шэрдж муниципальнэ районым щыІэ Къэщкъэтау поселкэм и щыпІэ администрацэм и ІэтащхьэАжоев Ахъмэт.

Къэралым и Унафэщым къыхигъэщхьэхукІащ УФ-м и субъектхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІагъыр къыщащІыщэткІэ, жылагъуэхэм щыІэ зэІуэпэщ, псэукІэр, кьабзагъэр къызэрыльытапхъэр: «Хэт и деж кІи гуапэщ пщІантІэхэр зэщІэкъуауэ, уэрамхэмрэ гъуэгуэхэмрэ зехьауэ, щІыхухэр зэрыбауэ хьэуамрэ абыхэм ираф псымрэ кьабзэу щыщытым и деж».

Президентым зэрыжиІамкІэ, жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІынымэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакІэр егъэфІэкІуэным иужь ильэсхэм гулъытэ хэха къэралым щыхущІ пэтми, мы Іуэхум иджыри арэзы укъищІу зихьуэжакъым. Абы къыщыщынэу, Іэнатіэ куэд кьызэщІэзыубыдэ мы комплексым иІэ техникэ, финанс Іэмалхэр нэхъ зэІыхьэу кьыпщохьу. Фонд нэхъыщхьэхэр кІуэтэху жыз зэрыхъым, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятхэр зэрыахъшэнщэм къыхэкІыу мы Іэнатіэм инвесторхэр къеушэлІэгъуейщ. ПсэупІэ унэхэр кІуэтэху нэхъ кхъахэ мэхъу, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым кІэроху. А псоми кьадэкІуэу, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я тарифхэм я тэмэмагъым зыри кІэлъыплъыркъым. Ауэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр цыхум и псэукІэмрэ и гукъыдэжымрэ къыгуэпх зэрымыхъунум къыхэкІыу, мы Іэнатіэм тамэму щыІэ Іуэрыдуэ хуейщ къэралымрэ цыхухэмрэ я сэбэн зыхэльэр.

Мы гуГъуехьхэр щІыналъэ псоми щыІэщ. ЩхъэусыгъуэкІ зэрыщыщІэр, абы и щыІуэкІэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр щыІухукэм и чэзум зэрамытыр.

Псори зыгъэпІейтей Іуэхум УФ-м и субъектхэм я лІыкІуэхэр жыджэру тепсэлъыхьащ икІи лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэу кьалъытэхэр къыхалъхьащ. Кьапщтэмэ,Ажоев Ахъмэт къигъэуващ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм хиубыдэ предприятэхэмрэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ льготэ пыуыкІаХэр хуагъэувыну. Абы къызэрилъытэмкІэ, «мы Іуэхущ Іапіэхэм налогхэмкІэ яхудэпчых, финанс дэІепыкъуныгъэу дотацэхэр, субсидиехэр, бюджет щІыхуэхэр епт хунущ».

ЗэІущІэм щыжІаІахэм япкъ иткІэ зыхуэфащэ министерствэхэм пщэрылъ пыуыкІаХэр хуагъэувынущ. Апхуэдэу егупсысынущ псэупІэхэр зезыхьэ компаниехэмрэ щІыхухэмрэ я зэхущытыкІэхэр зэблэкІыгъэхі, жылагъуэхэм хиубыдэу щыІэ федральнэ щІыхэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм ехьэлІа хабзэ мардэхэр гъэтэмэныным, щІыпІэ бюджетхэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм трагъэкІуэдэну ахъшэмкІэ ядэІэпыкъуным пыщІа Іуэхухэм.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● Нобэ

Адыгэхэм я щІасэ усакІуэ

Урысейм и пшынальэм и фІыщІэр дуней псом щызыгъэІуа усакІуэ щэджащэхэм ящыщщ Лермонтов Михаил. Кавказым и усакІуэ щІэри теІуакІащ абы.

ЛЕРМОНТОВЫМи кьалэмыпэм кьыщІэкІащ абы адыгэхэм ядиІьэгъуа цыхугъэ льагэмрэ лІыгъэмрэ лъабжьэрэ купщІэрэ зыхуэхьуа усыгъэ хьэлэмэт куэд. Сабий ныбжьым щита льандзрэ Михаил зыбжанэрэ щыІащ адыгэ хэкум. И анэшхуэм щІыгъуу Псыхуабэ кьыщыкІуам щыгъуэ ар ирихьэлІауэ щытащ Хьэжьыхьэбзэ щекІуэжІа вакІуеихьэж махуэшхуэм, нужькІэ иусыгъащ «Аджи-аул» усэр.

Адыгэхэм ятеухуауэ абы и закъуэжьым Лермонтовым и Іэдакъэ кьыщІэкІар. Кавказым, псалъэм папщІэ, Къэбэрдейм теухуауэ Лермонтовым иусахэр Ацкъан Руслан адыгэбзэкІэ зэридзэкІри, тхыль щхьэхуэу Налшык къыщыдгъэкІащ. Нэхъ пасэІуэу дунейм кьытехьауэ щытащ «Ди зэманым и лІыхъужь» романыр, Кьардэн Бубэ зэридзэкІауэ. Абы щыщ Іыхьэхэм язым лъабжьэ хуэхьуар адыгэхэм я гъащІэмрэ я псэукІэмрэщ. УсакІуэм и поэмэ нэхьыфІ дыдэм («Измаил-бей») купщІэ хуэхьуар Къэбэрдейм и тхыдэм щыщрыІуэ пщы Хьэтохьущокъуэ Исмелщ - ар щыхьэт тохъуэ Лермонтовым адыгэхэм пщІэшхуэ кьахуищу зэрыщытам. Лермонтовым адыгэ ныбжьэгъу куэд иІауэ ГІльытэ мэхъу, абыхэм ящыщ зыщ щІэныгъэлІ, тхакІуэ Къуэдзокъуэ Лэкъуэмэн - абыиР Лермонтовымрэ Псыхуабэ зыбжанэрэ щызэхуэзгъащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Сыхьэт 12-кІэ мэлажьэ

Налшык и 5-нэ къыхэзытыкІ участкэм и унафэщІ Бэджыдэ Руслан, 4-нэ инструктор участкэм и унафэщІ Антоненкэ Марие, къыхэзытыкІ лэжьакІуэ Бэджыдэ Светланэ сымэ *(нэжьымкІэ къыщыщІэдзауэ)* **я лэжьыгъэм и яп махуэм кърикІуэхэм хопльэж.**
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ДЫГЪУАСЭ щІадзащ Урысей псом и цыхухэр къыхэтхыкІыным. А Іуэхумкіэ жэуап ёхь Статистикэмкіэ къэрал управленэм.

Къэбэрдей-Балькъэрым цыхухэр кьыщыхэтхыкІыным пыщІа Іуэхугъуэхэр къызэригъэпэщащ республикэм статистикэмкІэ и Іуэхущ Іапіэм. Абы кьызэІуихащ къыщыхатхыкІ участкэу 133-рэ, инструкторхэм я участкэу 530-рэ, къыщащІыж участкэу 2120-рэ. КъыщынэмыщІауэ, стационар къыщащІыж участкэу 410-рэ щыІэщи, къыхэзытхыкІ лэжьакІуэр уи унэм нэкІуэну ухуэмейм, абыхэм ящыщ зым телефонкІэ уепсалъэу е уекІуалІэу зыщегбгъэтх хьунущ. Псори зэхэту къыхэзытхыкІ лэжьакІуэу республикэм и щІынальэм щылажьэр цыху 2120-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщ зыщ Налшык и Горнэ хьэблэм щыІэ 4-нэ инструктор участкэм и лэжьакІуэ Ядринэ Светланэ.

- Гугъу дрегъэхь цыхухэм бжэр тхуІуахыу тэмэму къызэрыдэмыпсалъэм. Языныкъуэхэм урагъэблагъэ, Іэнэ кьыпхугъэфыу уагъэшхэну хьэзырщ, щыІэщ зи унэбжэм убгъэдэзыужьэжри. Ауэ сэ нобэ си кІэн кІыкІащ. Сыщыпсэу унэм и фэтэрхэр зэкІэхэскІыхьати, нэхъ сыныншащ, - жеІэ абы.

А инструктор участкэм и унафэщІ Антоненкэ Марие зэрыжиІэмкІэ, дэтхэнэ къыхэзытхыкІ лэжьакІуэрэ тыншу кьыпхуэщІыхунущ: абы пхьунтэ фІыщІэшхуэ иІыгъщ, къыхэзытыкІныгъэм зэрелъжьыр тетхаэу, ардыдэр тету пщэдэлъ щІыху дэльщ, и пщэм ищІащ и щІэ-унэщІэр зытетха щыхьэт тхылъ. ИтІани, щІыхуэхэр шынэу бжэр абыхэм щыхуІуамых кІоуху.

4-нэ инструктор участкэр хеубыдэ Налшык и 5-нэ къыхэзытхыкІ участкэм. Абы и унафэщІщ Бэджыдэ Руслан.

- Догугъэ дяпэкІэ щІыхухэм дыкъащІыхуу ди лэжьыгъэр нэхъ тынш хъуну. КъызэрысльытэмкІэ, дагъэзнэуэ лэжьэн щІэздзащ, сыту жыпІэмэ зэкІэ милицэм и лэжьакІуэхэр зэдзэгъэпыкъун хуей хуэкъым. Абы кьикІращи, къыхэзытхыкІ ди лэжьакІуэхэм кьаугъэ кьращІыльэркъым, - жеІэ Бэджыдэм.

Фэтэр, унэ псори къыхэзхакІухьхьу, къыхэзытхыкІ лэжьакІуэхэр лэжьэнущ пщэдджьыкым сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ 21-рэ хьуху.

ГЪУЩІО Зариф.

Акрополым деж

Адыгэм и полинэм дыгъуасэ кьарукІэ хуит кьыщІыжащ Афинэм я Акрополыр, абы и пщІантІэм зыщызыгъэбдыдауэ забастовкэ ешъгъэкІуэкІхэр зэгрихури. Зыгъэпсэфыгъэхэр псори пэхдэгъэмкІэ министерствэм и лъэныкъуэхэт.

ПІалъэкІэ министерствэм дэжьапІэ кьыщта щыхуищІ бжыгъэхэм кьагъэув контрактыр щІэрыщІэу къращІыпІэжу, ПІалъэнщэу лэжьапІэ ягъэувын хуейуэ икІи улахуэмкІэ къэрмытру кьэна щыхуэр министерствэм икІэщІыпІэкІэ ипшыныжьпхъэу. Ахэр къэрал унафэщІхэм щызэхэмызым, бэрэжьей пщэдэлъжьыным Акрополым и пщІантІэр яубыдри, туристхэр ирамыгъэкІуалІэу къэувахэщ.

Полицейхэр, а пщІантІэм и бгъуэмкІэ щыІэ дыхьэпІэмкІэ зыкъэзыІэтахэм щахыхьам, Іуэхур Іэпщэрыбанэм хуэкІуэ пэтати, нэпс кьыщІэзыху гъэзыр кьагъэсэбэпащ. А гъэзым щыщ «ялысащ» телеканал эмыльэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэ гупми. Ауэ фэбжь е уІэгъэ зыгъуэта щыІэкъым.

Щ Іыдагъэ зэрщыІэм

Урысей Федерацэм и Правительствэм кьыщта унафэм ишкІ иткІэ, «Роснефть» акционер обществэ лъэныкъуэм Іэщ Іалъхьэ щІыдагъэ кьыщІэщыпІэу иджыри щы: Карск, Баренцевэ тенджызхэм, къыщыщэмыщІауэ, тенджыз ФІыщІэм щыІэхэр.

Иджы «Роснефть» ОАО-р хуитщ а щІыдагъэ кьыщІэщыпІащи я Іуэху зыІутыр къэзыпщытэ лэжьыгъэхэр щригъэкІуэкІыу, щІыдагъэр кьыдэхуеиным иужь ихьэну.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Путин Владимир а унафэм Іэ щІидзащ 2010 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м.

НОБЭ

●Зи нэр къэмыпльэхэм я дуейпсо махуэщ

●Къуажэм щыпсэу цыхубзхэм я дунейпсо махуэщ

● 1990 гъэм СССР-м и Президент Горбачев Михаил Нобель и дунейпсо саугъэтыр кьыхуагъэфэщащ.

●Киев щыІэхэтыкІ СНГ-м и Электроэнергие советым и 38-нэ зэІущІэ.

Пльанэр къыхэхьащар **ГЪУЩІО Зариф.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гур мыфІмэ, щхьэр фІейщ.

Къуажэ псоми

● Дзэлыкъуэ куей

РАЙОНЫМ цыхухэр кьыщыхатхыкІыну участкэу 8 кьыщыдэІуахащ. Ахэр Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм и Щэнхабзэ-нэгузегъэужьыпІэ центрым, 19-нэ профтехучилищэм, Кьармэхьэлэ, Чыщбалькъ, Малкэ, Псынэдахэ, Сэрмакъ, Шордакъ кьуажэхэм я администрацэхэм щолажьэ.

Участкэхэм я унафэщІхэр, инструкторхэмрэ кьыхэзытхыкІыгъэхэрэ программэ эхэхам тету иращэджащ. Куейм и кьыхэзытхыкІакІуи 122-р зэгъэзбдыдыла щыпІэхэм тэмэму щыгъуазэщ.

ПЩЫУНЭ Эммэ.

Медведев Дмитрий къыхигъэщхьэхукІащ Налшык зэрызэщІэкъуар

●Хъыбар гуапэ

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэхэр, кьапщтэмэ, абы и кьалащхьэ Налшык, зэІуэпэщу, зэщІэкъуауэ зэрыщытыр къыхигъэщхьэхукІащ икІи ар адрей щІынальэхэм щапхъэу яхуигъэпэгъуащ. Апхуэдэ псалъэ гуапэхэр къэралым и Іэтащхьэм къыщытхужиІащ УФ-м и Президентым и деж ЩІпІэ самоуправленэм зегъэужьыныжьмкІэ щыІэ советым и зэІуіщІэм. ЩІынальэхэр зэІуэпэщ щІыным, щыІухукэм хуащІэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэным трауха я зэІуіщІэм ди республикэм къыбгъэдэкІыу хэтащ Шэрдж муниципальнэ районым щыІэ Къэщкъэтау поселкэм и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Ажоев Ахъмэт.

Къэралым и Унафэщым къыхигъэщхьэхукІащ УФ-м и субъектхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІагъыр къыщащІыщэткІэ, жылагъуэхэм щыІэ зэІуэпэщ, псэукІэр, кьабзагъэр къызэрыльытапхъэр: «Хэт и деж кІи гуапэщ пщІантІэхэр зэщІэкъуауэ, уэрамхэмрэ гъуэгуэхэмрэ зехьауэ, щІыхухэр зэрыбауэ хьэуамрэ абыхэм ираф псымрэ кьабзэу щыщытым и деж».

Президентым зэрыжиІамкІэ, жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІынымэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьакІэр егъэфІэкІуэным иужь ильэсхэм гулъытэ хэха къэралым щыхущІ пэтми, мы Іуэхум иджыри арэзы укъищІу зихьуэжакъым. Абы къыщыщынэу, Іэнатіэ куэд кьызэщІэзыубыдэ мы комплексым иІэ техникэ, финанс Іэмалхэр нэхъ зэІыхьэу кьыпщохьу. Фонд нэхъыщхьэхэр кІуэтэху жыз зэрыхъым, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятхэр зэрыахъшэнщэм къыхэкІыу мы Іэнатіэм инвесторхэр къеушэлІэгъуейщ. ПсэупІэ унэхэр кІуэтэху нэхъ кхъахэ мэхъу, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым кІэроху. А псоми кьадэкІуэу, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я тарифхэм я тэмэмагъым зыри кІэлъыплъыркъым. Ауэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр цыхум и псэукІэмрэ и гукъыдэжымрэ къыгуэпх зэрымыхъунум къыхэкІыу, мы Іэнатіэм тамэму щыІэ Іуэрыдуэ хуейщ къэралымрэ цыхухэмрэ я сэбэн зыхэльэр.

Мы гуГъуехьхэр щІыналъэ псоми щыІэщ. ЩхъэусыгъуэкІ зэрыщыщІэр, абы и щІыпІэкІэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр щыІухукэм и чэзум зэрамытыр.

Псори зыгъэпІейтей Іуэхум УФ-м и субъектхэм я лІыкІуэхэр жыджэру тепсэлъыхьащ икІи лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэу кьалъытэхэр къыхалъхьащ. Кьапщтэмэ, Ажоев Ахъмэт къигъэуващ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм хиубыдэ предприятэхэмрэ Іуэхущ Іапіэхэм льготэ пыуыкІаХэр хуагъэувыну. Абы къызэрилъытэмкІэ, «мы Іуэхущ Іапіэхэм налогхэмкІэ яхудэпчых, финанс дэІепыкъуныгъэу дотацэхэр, субсидиехэр, бюджет щІыхуэхэр епт хунущ».

ЗэІущІэм щыжІаІахэм япкъ иткІэ зыхуэфащэ министерствэхэм пщэрылъ пыуыкІаХэр хуагъэувынущ. Апхуэдэу егупсысынущ псэупІэхэр зезыхьэ компаниехэмрэ щІыхухэмрэ я зэхущытыкІэхэр зэблэкІыгъэхі, жылагъуэхэм хиубыдэу щыІэ федральнэ щІыхэр къызэрагъэсэбэп щІыкІэм ехьэлІа хабзэ мардэхэр гъэтэмэныным, щІыпІэ бюджетхэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм трагъэкІуэдэну ахъшэмкІэ ядэІэпыкъуным пыщІа Іуэхухэм.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

Лъэпкъыр зэрыгушхуэ актер

Мысостышхуэ Пщыізэбий къызэралъхурэ нобэ ильэс 75-рэ ирокъу.

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэмрэ щІыкъ зиІэ, Абхазым я цІыхубз артист, а республикэм Гулиа Дмитрий и цІэкІэ щагъэуВа Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэщауэ щыта Мысостышхуэ Пщыізэбий жэпуэгъуэм и 15-р кьыщалъхуа махуэщ. Ар дунейм екьжащ 2009 гъэм.

СТАЛИНЫМ и цІэкІэ ягъэува стипендиер кьихьу 1953 - 1958 гъэхэм ГИТИС-м щеджа артистым и гъащІэ псор щхьэгъуэзыхь хуищІащ адыгэ Іьэпкъ тІэатрым - еджапІэ нэхъыщхьэр кьыщицуха илъэсым щыщІэдзауэ псэуху Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылэжьащ.

Мысостышхуэм театрым роль нэхъыщхьэу 120-рэ, «Мосфильм»-м щытраха художественнэ фильмэ 4-м ирокІуэ нэхъыщхьэ кьызэрыгуэкІи щигъэзэщІащ. Езым Къэбэрдей театрым, телевиденэм, радиом спектакль 20-м щІигъэуващ. Пщыізэбий Къэрал гъэзэжьащ «Бжьамий» ансамблым, Дунейпсо Іьэрыіуатэ фестивалхэм тІэу «Дышъ джыдэ» саугъэт нэхъыщхьэр кьыщызыхьа гуп цІэрыІуэм.

Пщыізэбий зи Іьэпкъыр фІыуэ зыльагъу, абы папщІэ хуэзэфІэкІ псори зыщІэну хьэзэр цыхуэ гуащІафІэт. Абы и щыхьэтщ Мысостышхуэм и фэеплъ Іэдакъэщ Іэкъыр: дунейм зэрехьакрэ куэд мыщІауэ къыдэкІа «Дунейр чэзущ» и тхылъыр. Тхэным, усэным дихьэхыу щыта Мысостышхуэ Пщыізэбий и Іэдакъэщ Іэкъэр, цыхуэ щхьэхуэхэм яхуитхауэ щытахэр, езым хужаІаэр, нэгъуэщІ куэдри щызэхуэхьэсащ абы.

«Льэпкъым и набдзэ» зыхуэжьыпІэкІэ ущымыуэну Мысостышхуэ Пщыізэбий, зи фэеплъыр гуапэу ди гум илыну актерым, теухуауэ щытынущ ди газетым и кьыдэкІыгъэ гъунэгъуэхэм щыщ зыр.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

Іуті Іыж Борис и вагъуэ льагэр

«Адыгэ псалъэм» и гуэдзэн кьыфІэрыхьар зыхуэхэтар къызэральхурэ нобэ ильэс 70 ирикъу Іуті Іыж Борисиц. ПщІэ зиІэу дунейм тета цІыху тельыджэм и лэжьыгъэм щыщ гуэрхэм фыхэдгъэпльэжмэ тфІэфІу, дэ тхыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыхэтхащ. Абы кьищынэмыщІауэ, ди гуапэу тыдодзэ Іуті Іыж Борис и лэжьэгъуэу, ныбжьэгъуэу щытатхэм ящыщ зыбжанэм я гукъэкІыжьхэри.



САМЧЕНКЭ Светланэ.

Илъэсищым тращІыхь

АДЫГЕЙ. *Мейкъуапэ къыщащтащ «Адыгейм и кьалащхьэм и щІалэгъуалэ - 2011-2013» программэ. Ар зэхэзыгъэувахэм жыжьэу хэтащ кьалэ администрацэм и щІалэгъуалэ къудамэм и Іэщ ІагъэлІхэр, студентхэр, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр.*

ИПЭ ИТА илъэсищым апхуэдэ программэм ипкъ иткІэ, щІалэгъуалэ политикэм зегъэужьыным, гражданпсэкупсэ гъэсэныгъэр егъэфІэкІуэным я лъэныкъуэкІэ Іуэхуфіхэр зэфІахащ. Илъэсищым тещІыхьа иджырей программэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ, ахэр пхыгъэкІыным Мейкъуапэ кьалэ бюджетым сом мелуани 10 хухихынущ.

«Адыгей - туризмэм и налкъутналмэс 2010»

Апхуэдэ фащыгъэр иІэу турист-дустрие Іуэхущ Іапіэхэм я республикэ епхыныгъэ-зэпеуэ Адыгейм щрагъэкІуэкІынущ.

РЕСПУБЛИКЭМ и экономикэ, социальнэ еФІэкІуэныгъэм хуэунэтІа турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыным теухуа апхуэдэ зэпеуэр илъэс епЛанэ хъуауэ ирагъэкІуэкІ. Иджырей зэхьэзэхуэм кьыдэхьэщ Кавказ-туроператор, турагент, санаторэ-курорт Іэнатіэм и Іуэхущ Іапіэ нэхъыфІхэр. Абыхэм дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратынущ.

Эбзеевым диІыгъкъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президент Эбзеев Борис щыщщ Кавказ Ипщхъэрэм щыгъуэхэр хуиту (визэншэу) Курджыкі Іуэ хъуну Саакашвили зэриГъуэвар дазымыІыгъхэм.*

АПХУЭДЭ Іуэху уи щхьэзакъуэ фІэфІыныгъэкІэ къыхэпхьэнщ къезэгъыркъым. Абы кърикІуэнур фІыкъым, атІэ щІыхуэхэм я зэпэщІэувэныгъэщ, зэхэгъэжщ. Кавказ-щыхухынущ туроператор, турагент, санаторэ-курорт Іэнатіэм и Іуэхущ Іапіэ нэхъыфІхэр. Абыхэм дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратынущ.

Абхъазыр я щапхъэщ

АБХЪАЗ. *Приднестровьемрэ Абхъазыр я я сэбэп зыхэлъ я зэдаГъажьныгъэм зрагъэжьыну зэрыщытым теухуа дэфтэр Іэнатіэщ Сергей хуигъэхьащ ПМР-м и Іэтащхьэ Смирнов Сергей.*

АБЫ къызэрыщыгъэльэгъуащи, Приднестровьем къызэрильытэмкІэ, дуней псом ядэлэжьэныр зэтеубгъэнымкІэ Абхъазым и опыт кьулейр кьахуэщхьэнэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Тхьэмахуэ къэс

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІуцІэр иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и унафэщІ Чеченов Ануар.

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ къэрал мылькур щэным кьыпах фейдэр нэхьыбэ щІыным хуэунэІуа законопроектым. Экономикэ политикэмкІэ, мылькумкІэ, хьэрычэ гъэкумкІэ комитетым и унафэщІ Марьяш Иринэ зэрыжиІамкІэ, мы документым кІэтхъуэр «КъБР-м и къэрал мылькур приватизацэ щІыным и Іуэ хукІэ», «КъБР-м и къэрал мылькур зэрызэрахьэм и Іуэхукіэ» зак онхэм зэхъуэкІыныгъэхэр зыхьэн хуеІуэ. Къапщтэмэ, законопроектым щаубзыхуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур щэнымкІэ зы ильэсым щегъэжьауэ илъэсищым нэскІэ зэфІагъэкІынуэр я план кьыІэзэращтэжу, абы ипкъ иткІэ пыухыкІауэ ялэжьыну Іуэхуэр зэрырагъэжьэкІыну щыкІэр.

ПромышленностымкІэ, гъуэгу х озяйствэмкІэ, транспортымкІэ, связымкІэ комитетым и унафэщІ Мэремыкъуэ Сэфарбий Президиумым хэтхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Лсоми кьагъасэбэн автомобиль, кьалэ щІыбхэм кІуэ гъущІ гъуэгу, электрическэ пассажир транспортым и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэтэхьным теухуауа законопроектыр. Абы ипкъ иткІэ щІыхуэхэм хуащІэ транспорт Іуэхутхьэбзэкэм хагъэхъэ пасажир транспортым и Іуэхутхьэбзэхэр щІыхуэхэм я дежкІэ езэгъыраб гъуэгу щІытыныр, пассажир транспортыр зэблэу кьыхэмыкІыну гъэлэкьныр, маршрутхэм я схемэхэр тэмэму зэхэлъхьэныр икІи, хуей щІыхьэм и дежкІэ, маршрутыщІэхэр кьыззІухьныр, абыхьэм зэхъуэкІынытъэхэр хэлъхьэныр, тэмэму кьамыгъэсэбэн маршрутхэр зэхуэщІыжьныр, маршрут пыухыкІаХэм тет транспортымкІэ щІыхуэхэр кьыззырагъэшэжьын зэпымыуэ кІэлъыплъныр. Абыхьэм кьадэкІуэу, мы законопроектым кьегъэув транспортым и Іуэхутхьэзэхэр зыхуащІэхэм папщІэ щІыхубэ Хьэжмурат и къуэм - къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ управленэу Налшык кьалэ округым щыІэм и унафэщІым, Мэрэзхъу Руслан Щьхьэбозэт и къуэм - КъБР-м и МВД-м хэтхэм ядэлэжьнымкІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Щыхь тхьылъыр иратыну.

ЗэІуцІэм и кІэухым «Захуагъэ зэдэщыІэ Урысей- парламент фракцэм и унафэщІ Кебеков Владимир кьыхилъхьащ жьэн уэм щеІэзэ, психоневрологие, наркологие республикІэ диспансерхэм щеІэзэ кІэжьыгъэм щыІэгъуаэз зызыщІыбэн депутат комиссэ кьыззрагъэпэщыну. КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар зыхуэфащэ комитетым и пщэ иритъхьащ а комиссэм хэтыжьхэр иубзыхуну.

Президиумым и зэІуцІэм нэгъэуцІ Іуэху зыбжанэмэ щытепсэлъыхьащ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ, *КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэм и гъэкІэрІуэ.*



Тхьэщы Іуащхьэр.

«Тенджыз мывэ» тхыцІэм и лъэныкъуитІ

ИЩХЪЭРЭ-Къуэхьэпі Кавказ дахащэм и адыгэ лъагэу зиІэхэмкІэ дрикІуэну, тенджыз ФІыцІэ Іуфэм ухуэзыщэ гъэзэрэ щІэнкІэ щІыпІэм щыІэ Іуэхущапіэ щыщІыкІэр.

ПромышленностымкІэ, гъуэгу х озяйствэмкІэ, транспортымкІэ, связымкІэ комитетым и унафэщІ Мэремыкъуэ Сэфарбий Президиумым хэтхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Лсоми кьагъасэбэн автомобиль, кьалэ щІыбхэм кІуэ гъущІ гъуэгу, электрическэ пассажир транспортым и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауа законопроектыр. Абы ипкъ иткІэ щІыхуэхэм хуащІэ транспорт Іуэхутхьэбзэкэм хагъэхъэ пасажир транспортым и Іуэхутхьэбзэхэр щІыхуэхэм я дежкІэ езэгъыраб гъуэгу щІытыныр, пассажир транспортыр зэблэу кьыхэмыкІыну гъэлэкьныр, маршрутхэм я схемэхэр тэмэму зэхэлъхьэныр икІи, хуей щІыхьэм и дежкІэ, маршрутыщІэхэр кьыззІухьныр, абыхьэм зэхъуэкІынытъэхэр хэлъхьэныр, тэмэму кьамыгъэсэбэн маршрутхэр зэхуэщІыжьныр, маршрут пыухыкІаХэм тет транспортымкІэ щІыхуэхэр кьыззырагъэшэжьын зэпымыуэ кІэлъыплъныр. Абыхьэм кьадэкІуэу, мы законопроектым кьегъэув транспортым и Іуэхутхьэзэхэр щІыхуэхэм папщІэ щІыхубэ Хьэжмурат и къуэм - къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ управленэу Налшык кьалэ округым щыІэм и унафэщІым, Мэрэзхъу Руслан Щьхьэбозэт и къуэм - КъБР-м и МВД-м хэтхэм ядэлэжьнымкІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Щыхь тхьылъыр иратыну.

ЗэІуцІэм и кІэухым «Захуагъэ зэдэщыІэ Урысей- парламент фракцэм и унафэщІ Кебеков Владимир кьыхилъхьащ жьэн уэм щеІэзэ, психоневрологие, наркологие республикІэ диспансерхэм щеІэзэ кІэжьыгъэм щыІэгъуаэз зызыщІыбэн депутат комиссэ кьыззрагъэпэщыну. КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар зыхуэфащэ комитетым и пщэ иритъхьащ а комиссэм хэтыжьхэр иубзыхуну.

Президиумым и зэІуцІэм нэгъэуцІ Іуэху зыбжанэмэ щытепсэлъыхьащ.

● Юбилей

Профсоюзхэм я щыгу

Урысей профсоюзхэм я юбилейм и щІыхькІэ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и спортсменхэр Кавказ бгыщхьэхэм ящыщ зым дэкІащ икІи щІэ зимыІэ зы льагапІэм «ФНПР-р илъэс 20 зэрырикъум и щыгу фІащащ.

АР ЗЫХИУБЫДЭ Адыр-Су ауэм и бгылъэ щІыпІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и пІанэпэ тельыджхэм ящыщ зыщ. Бгым дэкІаХэм кьызэрагъэльтэмкІэ, бжьакъуитІ тепльэ зиІэ а щыгур лэжьакІуэбэм я сэбэп зыхэльхэм я хьумакІуэ, я щхьэщыжакІуэ профсоюзхэр илъэс тІощІ зэрырикъум хуэфащэщ.

Шеховцов Александр зиІапІэ «Къэбэрбалкъарэм ОАО-м и лэжьакІуэхэр зыхэта гупым километрэ 4 лъагагъым драхьеящ «Зэкъуэтыныгъэ, пэжыгъэ!» кьыхуеджэныгъэр зытет дамыгъэр.

- Мы Іуэхугъуэмкіэ дэ пытщащ ди къэралымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я махуэ лъапІэхэм теухуауэ профсоюзхэм илъэс куэд хуэхуэ ирагъэкІуэкІ альпинизм, - жиІащ КъБР-м Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІым и къуэдзэ Евтушенко Сергей.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ, *«Урысей радио»-м и корреспондент.*

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкІэ

«Тенджыз мывэ» тхыцІэм и лъэныкъуитІ

ИЩХЪЭРЭ-Къуэхьэпі Кавказ дахащэм и адыгэ лъагэу зиІэхэмкІэ дрикІуэну, тенджыз ФІыцІэ Іуфэм ухуэзыщэ гъэзэрэ щІэнкІэ щІыпІэм щыІэ Іуэхущапіэ щыщІыкІэр.

ЩІыбагъ кьыдэт кьуршхэр - псори нэрп псэри зыхьэхущ.

Адрей бгыхьэм йопэгэкІ дзакІэ-дзакІэ зэкэт Тхьэщы Іуащхьэр. А бгы уардэр Лабэ Щьыпхъэ Щьхьэуаіэрэ я зэхуакъ дэт щыгум и лъагапІэ нэхъ дахэхэм ящыщщ. Іуащхьэм и цІэр тІууэ зэхэтщ: «Іхъэ»-рэ, «щІы»-уэ. Аращи, «Тхьэ-щы», «Тхьэм ищІ» мыхьэнэр кьыкІыу аращ.

Мы зи гугъу тщІы хуейм щІыхуэхэр, машинэхэрри, шыхэри щІэзэхэтщ. ЩІыхэр уанэгум ису кьэзыкІухьын зи фІэфІхэм папщІэ мыбдежьым щаІыбгъуэ аращ. Дэ ди гупыр зэи дымыльэгъуэ Лагъуэ-Накіэ щІыпІэм дыхуэпІащІэрэ, абы дыкІуэну дежьэжащ.

Зы бгыщхьэ щытхыр адрей щытхымкІэ зэрихьэлІыкІэрэ, гъуэгум гъэщІэгъуэну зеІуантІэ. Куэд дэмыкІыу сэмэгумкІэ зы ильэс унэ щІыкІу дрохьэлІэ. Ильэс мин зыбжанэ кьызэзыхьэнкІэ фэеплъ кьэлэмэтыр, ди жагъуэ зэрыхъэ-зышэкІ гъуэгугъуаэхэм Щхьэгъащэ, Курджыпс, Щыхьэрэ-Кьухьэпі Кавказым и нэхъ псы дахэкІейхэм ящыщу Щхьэгъащэ, Курджыпс, Щыхьэ, Шахэ сымэ, Иужьрейр Кавказыбгым и ипщэ лъэныкъуэмкІэ йожэх. Икіи псыщхэу зэрыгъэхьужкуэ тенджыз ФІыцІэм хохуэж.

Іэгъуэгъуэнщ мы хьупІэ тельыдджэм Кавказ щытхыщхэм ящыщ кьыззырыщыдахур.

Иджы «Лагъуэ-Накіэ» щІэм теухуауэ. Адыгэ щІыпІэщхэм куэд щІауэ елэжьхэм хэтэ «Лэгъэнакъ» жаІэ. Язынныкъэ журналистхэм «Лъагъуэныкъуэ», «Лагъуэ-Накіэ» жызыІи кьахокІ. ЩІэныгъэлІ Мэрэтыкъуэ Кьасым ар зэритхыр «Лагъэнэкъэ жиІэуащ.

Мы щІыпІэхэм зэрахьэ щІэхэм ящыпхъпІкІэ, дэ дызэригуГъэмкІэ, кьэльытэн хуейщ адыгэхэм щыщу мыбдежьым абдзэхэри, убыххэри щыпсэууэ зэрыщытар. Икіи зи гугъу тщІы щІыпІэщІэм и кьежьэкІэ хьуар кьызэрыщІгурымыІуащэм кьыхэкІкІэ, хуагъэфащэхэм ящыщ зым дыкьыгеуВыащ.

Лагъуэ-Накіэ тафэм гъунэгъу ухуэзыщ асфальт гъуэгу нашэжьашэмкІэ иджыри километр зыбжанэ дрикІуэу Азыш щхьэдэхьпІэм дыщыфІэкІым, зи теплъэр дахащэ щІыпІэ гъэрым дынэсащ: Щхьэгъащэрэ Курджыпсрэ я зэхуакъ дэт Тенджыз мывэ тхьщІэм дыкьыгеуВыащ. Бгым зыщыщыпІыхьхьэм я нэхъыбапІэр мыбдеж кьыщуовыІ. Гугъу уехьу мыбы нэс укьыщІэкІуар псэкІэ зыхьыбощІэ. Дызытет тхьщІым и щыгум псыгъуэ зеуКъуэдий. Абы ирикІуэ гъуэгурэ нэхъ захуэ икіи бгъуфІэ мэхъу. Льэсу ущрикІуэкІэ, я нэм кьиплъыхьым узыІэпешэ. Ижьымкіэ зи щІэр умыльагъу кьуэладжэкуу кьыщыІтщ.

Ар Курджыпс и псыщхьэхэращ. ПІуащІэм адэкІэ кьыщыІт джабэ екІуэкІыр льагэщ икіи мэзыншэщ. Жьыг гуэрэн зыддэпІльагъуэр бгы джабэм кІэрыпІ уэсхэм, адэ-мыдэкІэ кьыщыщІэж псынэхэм ЗыщІэзэрагъэпэщащ псы кьуэпсэр здежьэж кьуэкІий цыкІуэращ.

Гъэмахуэкуми, джабэ нэкІу щхьэуантІэм адэ-мыдэкІэ хужьыпсу кьыщыхолыдыкІ уэсыр. Курджыпс адрыщІ щыІэ джабэ задэм и щыбагъыир тафэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къущхьэхьу хьупІэхэм ещхьу, кІуэкІий-кьуэкІийкІэ зэпрыкъулыкІауэ. Икіи Лагъуэ-Накіэ хьупІэжьым гъунэгъу укьыззрыхуэкъуэкур ящыщ «Лагонаки» зи фІэщыгъэцІэр кьыдитащ. Ар мы щІыпІэхэм и дахагъэр сурэтхэмкІэ, хьыбар екІуэхэмкІэ кьызыщыгъэзгъуащ, туристхэм хуэгъэза чэнджэщыкфІхэр зэрытщ.

Хуиту ущызекІуэ хьу гъуэгур абдежьым щеух. АдэкІэ удэкІуенн папщІэ щІэ щІэптын хуейщ. Километри 2 кьыззбнэкІыжмэ, асфальтыр еухри, гъуэгур быркьуэшыркІуэ мэхъу. Икіи зи льащІэр льагэу Іэта машинэхэм нэмыщІ адрейхэр щызекІуэфыркьым.

Жьыкъу упльэмэ, Уэштенэ бгыр уопьагъу. Ар Фыщт э ищхьэрэкІэ щыІэщ. Дэ дызытет тенджыз мывэ шытхыкьым и сэмэгурабгъумкІэ кьыщыт кьыр екІуэкІым и щІыбагъыр щыхупІэ задэщ. Икіи Зэуррэ дэрэ мы ди зекІуэм и кьыкІэлъыкІуэ мазхэм Гъуаззэрпльпкіэ льэсу абы дыкьыхуэхуІуэнщ.

Ауэ нобэкІэ хэщІапІэ тхуэхъуэн щІыпІэ кьэтльыхьэн хуейт. Мы бгыщхьэм дыкьыщыынэну дытегущыІуакьым, жэщым жьы кьыщепщэу жаІэри. Арати, нэгъабэ дгъэуэнэхуэу щыт Гъуаззэрпльпкіэ декІуэкІыну мурад тщІащ.

Пшапэр зэхэуэным сыкьэт фІэмкІэ кьэмыпэжауэ Гъуаззэрпльпкіэ жьлэ цыкІум дынэсащ. Нэгъабэ ельытауэ зекІуэным мы ильэсым нэхъ дыхуэхьэзырт; чэтэн унэ цыкІур тІыгьт, губгъуэм ущрипІэкІэ щІэпкІэ хуэщІа льэгъупІэмпІэхэмкІи дыкьыззгъэпщат. Икіи гъуэгу дыкьыщытехьэм фэтэр кьэдмылькІыхьэуну дигу итльхьати, кьуажэкІэмкІэ щІэ уэздыгьет уардэхэр зэрыт хуей дахэщхуэм «щыщепсыхьаш».

ПсынщІэ-псынщІэну унэ цыкІуэу дгъэзэеигъуэ защІэкІэ сыхьэти 2 хуэдиз дыкІуауэ, «шкІур-шкІур» жриГъэІэу кьежэх псынэпс щІыІэтыІэ гуэр дрихьэлІащ. Абы дэ хуабжьу дыщыгуфІыкІащ. Мывалъэ кьуэ цыкІум псынщІэу зыдэдзэкІ псылъэ тІыгъкэм ярытыр зэтхъуэкІащ, дэрп абдежьым дыщетІысэхащ, щэджкагъ уашхэ щытщІым мурад диІэу.

Псы кьабзэ цыкІум фІыуэ дыкьигъэщыкІ щІыщ. Дэ дызытет тенджыз мывэ шытхыкьым и сэмэгурабгъумкІэ кьыщыт кьыр екІуэкІым и щІыбагъыр щыхупІэ задэщ. Икіи Зэуррэ дэрэ мы ди зекІуэм и кьыкІэлъыкІуэ мазхэм Гъуаззэрпльпкіэ льэсу абы дыкьыхуэхуІуэнщ.

Ауэ нобэкІэ хэщІапІэ тхуэхъуэн щІыпІэ кьэтльыхьэн хуейт. Мы бгыщхьэм дыкьыщыынэну дытегущыІуакьым, жэщым жьы кьыщепщэу жаІэри. Арати, нэгъабэ гъгъабэ дгъэуэнэхуэу щыт Гъуаззэрпльпкіэ декІуэкІыну мурад тщІащ.

Пшапэр зэхэуэным сыкьэт фІэмкІэ кьэмыпэжауэ Гъуаззэрпльпкіэ льэсу абы дыкьыхуэхуІуэнщ. Нэгъабэ ельытауэ зекІуэным мы ильэсым нэхъ дыкь